

# ENPÒTANS KÈSYON SÈKS/JAN PANDAN KRIZ TRANBLEMAN TÈ ANN AYITI

Si nou vle gen yon bon jan repons imanité, fòk nou sonje ke fanm, fi, gason ak mesye yo bezwen bagay diferan. Daprè eksperyans nou gen ak lòt dezaz natirèl, nou te wè ke moun yo gen tandans bliye kèsyon sèks/jan, epi sa vin nwi popilasyon an anpil. Pandan n ap bay èd pou Ayiti, fòk nou sonje ke inegalite konn vin pi rèd pandan dezaz, epi moun yo ki gen mwens resous, ak mwens pouvwa politik, yo p ap resevwa èd yo bezwen si nou pa fè efò pou konprann sak yo bezwen. Fòk TOUT MOUN patisipe nan èd imanité.

Sèks/jan se yon bagay ki toupatou nan sistèm kowòdinasyon de “cluster” imanité. Pwojè “Gender Standby Capacity” (GenCap) ède “cluster” yo pou yo toujou sonje kesyon sèks/jan, e pou yo travay yon fason ki rekonèt ki kapasite epi ki fèblès fanm, fi, gason ak mesye yo genyen. **Se responsablite tout “cluster” yo** pou aji yon fason ke tout moun nan popilasyon kap jwenn epi benefisye sèvis yo ofri.

**Se pou nou fè 3 bagay sa yo kounya pou nou asire ke fanm, fi, gason ak mesye tout resevwa epi benefisye èd imanité aprè tranbleman tè ann Ayiti:**

**A L WÈ SAK MOUN YO BEZWEN:** Fanm, fi, gason ak mesye tout bezwen bagay diferan aprè yon ijans. Fòk nou fè yon gwo efò pou evalye tout menas, tout fòs, tout fèblès ak tout bezwen ki konsène chak kategori moun. Asire nou ke genyen ni fanm ni mesye nan tout ekip kap fè evaliyasyon, epitou, ke yo evaliye bezwen tout kategori moun nan popilasyon an.


**V EYE TOUT RIS VYOLANS SÈKSYEL, EKSPLWATASYON AK ABI.** Nan moman kriz, tout kalite vyolans baze sou sèks/jan, sitou vyolans sèksyèl kap ogmante. Avan tranbleman tè, te gen anpil vyolans baze sou sèks/jan ann Ayiti, sa kap ogmante toujou. Chak « cluster » dwè fè yon jan pou prevni vyolans epi pou ède moun ki afèkte.

Fòk nou toujou kominike ak popilasyon ki afèkte pou you kapab konnen ki sa yo gen dwa resevwa, pou moun kap bay èd pa fè abi. Fòk tout moun veye pou wè si gen abi, epi fòk chak moun ki wè abi pale ak otorite yo. Pa bliye – nou tout gen nòm ak prensip pou nou respekte.

**K OLÈKTE EPI ANALIZE DONE SOU SÈKS AK LAJ:** Nou dwè fè efò pou jwenn enfòmasyon sou moun ki afèkte (moun ki mouri, moun ki blese, moun ki deplase, ak ki moun ap resevwa èd). Sa enpòtan anpil pou fè nou konnen ki jan nou dwè òganize ak distribye èd la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade nan kad ADAPT ak ACT pou pwogram sèks/jan nan Gid Sèks/Jan IASC - nou kap sèvi ak nòm GBV.

<http://gender.onerresponse.info> ak  
<http://gencap.onerresponse.info>



Pwojè “Gender Standby Capacity” (GenCap) ap voye yon konsiltant nan domèn sèks/jan ann Ayiti pou asire ke tout pwogramasyon sou sèks/jan ak vyolans yo byen kowòdone. Victoria Rames prale ak soutyen UNFPA men se pou tout lòt manm IASC kowòdone ansanm avè l.

Adrès entènèt: [rames@un.org](mailto:rames@un.org) ak [gencap@un.org](mailto:gencap@un.org)

## **Koze Ijan: Ki jan pou abòde sèks/jan nan “cluster” oubyen sèkson ou**

### **KOWODINASYON AK GESYON KAN.**

Idantifye ris pou fanm, fi, gason ak mesye nan kan (oubyen kote ki sanble ak kan) epi toujou sonje ris sa yo lè n ap òganize sekirite. Se pou nou sonje danje kadejak, eksplwatasyon sèksyèl, difikilte pou jwenn manje ak dlo. Fòk gen bon jan limyè tout kote fanm ak fi konn pase. Fòk fanm ak fi gen yon fason ki sekirite ak konfidansyèl pou pale ak otorite, epi fòk genyen plis sekirite. Tout bagay sa yo kapab redwi danje yo. Fè efò pou ède moun ki plis nan bezwen, tankou timoun ki pou kont yo, oubyen ki reskonsab lòt timoun. Asire ke genyen ni fanm ni mesye nan gwoup kap prann desizyon. Fè yon efò pou kore moun kap gen wòl dirijan nan yon kominote, epi toujou bay yo fòmasyon. Fè patènarya ak fanm, fi, gason epi mesye kap deplase pou wè ki fòs yo genyen, e pou mobilize yo pou patisipe nan tout dimansyon lavi nan kan yo, tankou pwotèksyon ak sekirite. Fòk enfòmasyon yo disponib an Kreyòl pou tout moun kap konprann.

### **ABRI DIJANS**

Nan zòn dijans kote gen anpil anpil moun, gen plis ris kadejak ak lòt kalite vyolans seksyèl ak eksplwatasyon. Fòk nou pran tout prekosyon pou pa mete timoun ki sèl epi jènn medanm yo ak mesye oubyen gason ki fòme. Fòk nou asire kè moun gen plas yo bezwen.

### **PWOTÈKSYON**

Amnesty International te ekri yon rapò an 2008 ki rele *Don't Turn Your Back on Girls – Sexual Violence Against Girls in Haiti*. Rapo sa te di ke gen anpil vyolans seksyèl patou ann Ayiti. Yo di ke te gen enpinite pou moun ki fè kadejak, paske leta te konsidere sa kon yon zak kriminel sèlman depi 2005. Avan, se te konsidere yon zak imoral. Gen anpil viktim ki pa denonse kadejak, epi pa gen anpil ankèt oubyen pwosè ki fèt. Paske ap gen anpil konfizyon aprè tranblemen tè, l ap difisil kontwole sityasyon an epi sityasyon kap vin pi difisil. Objèktif nou se minimize ka vyolans sèksyèl, epitou remèt tout ka yo nan men otorite lè yo rive. Li enpòtan anpil pou nou kore moun sou teren an pou montre yo ki jan yo ka ede moun k ap sibi vyolans sèksyèl. Moun ki reskonsab pwotèksyon dwe travaye ak lòt “cluster” pou asire ke pwotèksyon fèt tout bon nan tout planifikasyon ak pwogramasyon, dapre nòm IASC GBV.

### **SANTE**

- Asire ke nou gen anpil enfòmasyon sou sèks ak laj lè moun malad, epi kè nou toujou sèvi ak yon analiz ki baze sou sèks/jan:
  - ✓ Lè moun mouri, konnen ki laj yo genyen, ki sèks, epi sak koze yo mouri
  - ✓ Lè nou kalkile to fatalite, se pou nou konnen laj ak sèks moun yo
  - ✓ Se pou nou konnen kantite moun ki gen bezwen patikilye (tankou moun ki gen andikap fizik oubyen mantal) epi laj ak sèks yo.
- Asire kè fanm yo patisipe nan planifikasyon ak reyalizasyon aktivite nan domenn sante.
- Sèvi ak MISP (Minimum Initial Services Package – Premye Sèvis de Baz) pou sante repwodiktiv nan moman kriz – fòk swen pou moun ki sibi vyolans sèksyèl ladan.

### **DLO AK SANITASYON (WAT/SAN)**

Li enpòtan anpil pou tout moun kap travay nan domenn dlo ak sanitasyon pale ak fanm ak fi pou konnen ki kote yo ta dwè mete twalet. Fòk chemen an sekirite, fòk letrin yo byen klere, fòk moun anndan kap lòk yo, epi fòk yo prive. Osito kè nou kapab, fòk fi ak gason gen letrin apa, (pa mete yonn bò kote lòt), paske gen yon ris vyolans ak vyolans sèksyèl sou fanm ak fi.

### **DISTRIBISYON BAGAY KI PA MANJE (NFIS)**

Pa bliyè kè moun ki gen plis fòs fizik konn jwenn bagay ki pa manje an premyè, ki vle di kè lòt moun an dezespwa, yo ka vin vilnerab anpil. Sonje kè fanmi yo chanje anpil aprè yon tranbleman tè. Distribisyon bagay ki pa manje ta dwè fèt yon fason ki respekte jan fanmi yo chanje.